BWOCHI
ENFÒMATIF POU FANM IMIGRAN YO



COLECTIVO SIN FRONTERAS

Nou emigre pou nou viv e pou nou fleri

Lèw se fanm imigran, ou genyen pou w fè fas ak anpil difikilte

Se rezon sa nou fè ti liv enfòmatif sa, yon fason pou n di w ke nou sipòte w nan vwayaj la.

¿Ou konnen ki dwa ou genyen Chili?
Nap mansyone kèk nan dwa yo pou ou:

DWA A LASANTE

Daprè lalwa, tout moun genyen dwa lasante, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon w.
Rele nan nimewo sa pou w genyen plis enfòmasyon sou sèvis yo
Salud Responde 600 360 7777

DWA POU W TRAVAY

Tout dwa yo dwe rekonèt kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon ou. Información en el teléfono del Centro de Atención Laboral 600 450 4000.

DEMANN POU REZIDANS (VIZA)

Pandan ou sou tèritwa nasyonal la, ou gnyen aksè ak jan de sèvis sa yo:

➤ **Reyinifikasyon fanmi:**
Ou ka fè demann viza sa a: si w antre Chili nan fason legal, e ou genyen lyen avèk yon Chilyen oubyen yon moun ki genyen viza definitif nan peyi a.
Pou plis enfòmasyon sou papye ak kòman pwosesis la ye, ou ka antre nan lyen ki anba a:

https://serviciomigraciones.cl/residencia-temporal/sub-categorias/reunificacion-familiar/

➤ **Viza imanitè:**
Viza sa a la pou moun ki viktim yon seri de vyolans oswa vilnerabilite, tankou :

- Fanm ansent, moun ki sibi vyolans domestik oswa vyolans ki baze sou sèks ou (fanm). Fòk ou antre legal.
- Pou moun ki antre legal o non epi ki sibi trafik.

Pou plis enfòmasyon sou papye ak kòman pwosesis la ye, ou ka antre nan lyen ki anba a:

https://serviciomigraciones.cl/residencia-temporal/sub-categorias/razones-humanitarias/

Pwoteksyon kont depòtasyon ki ka afekte timoun yo.

Si yo ta kenbe w nan ide pou yo depòte w, e ou genyen timoun sou kont ou legalman nan Chili, Yo dwe evalye pwoteksyon timoun yo avan yo pran yon desizyon final. Ou ka mande èd nan enstitisyon sa yo: Instituto Nacional de Derechos Humanos (INDH), teléfono +562 2887 8650, htttps://www.indh.cl. o en Corporación Colectivo Sin Fronteras (IG @colectivosinfronteras).

¿Alguna vez has vivido una o varias de estas formas de *violencia* de género?

➤ VYOLANS FIZIK

Se nenpòt agresyon ki vyole oubyen menase entegrite fizik, libète oswa lavi yon fanm.

➤ VYOLANS SIKOLOJIK

Se lè agresè a fè tantativ pou kontwole w atravè menas, imilyasyon ak presyon emosyonèl, nan ide pou l fè w santi w an sekirite epi pèdi kontwòl ou. Agresè a konn sere pyès idantite w epi izole w de anviwònman nòmal ou.

➤ VYOLANS EKONOMIK

Kontwòl, restriksyon sou dispozisyon lajan ki te konn bay pou sipò pèsonèl oubyen pou fanmi an; yo menm konn kenbe kòb ou redi travay pou w fè a. Ou pa ka kite espas travay la, yo veye tout mouvman ke w fè. Yo konn fèw travay pou anpil tan, san poz, san swen medikal epi yo pa peyew, nan ide pou yo fèw peye swadizan vwayaj oubyen lojman.

➤ VYOLANS SEKSYÈL

Lè yo itilize fòs fizik oswa sikolojik pou antre nan rapò seksyèl avè w oswa fè zak seksyèl pou imilye w oubyen denigre w. Sa aplike tou si yon twazyèm moun jwenn benefis ekonomik oswa lòt benefis pou fòse viktim nan bay sèvis seksyèl tankou: zak pònografik.

➤ VYOLANS JINEKOLOJIK-OBSTETRIK

Se lèw soufri abi, agresyon oubyen move tretman nan swen ke pwofesyonèl yo konn ba nou, nan moman lè nou ansent, nan akouchman ak aprè akouchman.

Fanm imigran yo ka plis ekspoze a vyolans nan men mari yo. Ou konnen *pareja* yolans ki genyen nan relasyon yo?

➤ **Etap akimilasyon:**
V Se lè wap plede resevwa vyolans sikolojik, vèbal, lè patnè w la ap plede di w move mo, la p imilye w, rabese w, fè w santi w koupab de bagay ke w pa fè.

➤ **Etap eksplozyon:**
Se etap kote vyolans la vin repete pi plis, pi souvan. Se etap li kòmanse leve men sou ou a.

➤ **Luna de miel:**
Se etap agresè a montre w ke l regrèt, l ap fè w pwomès ke sa pap rekòmanse ankò... Aprè etap sa a fini, l ap kòmanse nan premye etap la ankò.

Lè etap sa yo repete plizyè fwa, etap “lin de myèl” la vin disparèt, li pase “etap akimilasyon” a “etap eksplozyon” ki ka vin pi grav chak jou kap pase.

Si w sibi oswa ou temwen vyolans ki baze, sou sèks, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon ou, kontakte gwoup konsène yo oubyen gwoup ki bay apwi yo nan sa.

KÈK BIWO KI BAY ORYANTASYON

➤ Fono de Orientación 1455 – Yo oryante fanm ki sibi oswa temwen vyolans.

➤ WhatsApp Mujer +569 9700 7000 – Kanal konfidansyèl ki disponib chak jou nan ane a, yo fonksyone de 08:00 a 00:00 hrs.

➤ Pwogram ki sipòte viktim yo Fono 600 818 1000 Oryantasyon ak enfòmasyon sikilojik, sosyal epi legal.

➤ Telefòn Fanmi Carabineros 149 Disponib 24 sou 24.

KÈK BIWO KOTE W KA POTE PLENT

➤ 133 Carabineros

➤ 134 PDI (Policía de Investigaciones)

➤ Plent pou vyolans obstetrik. Ou ka pote plent nan: oficina de información, reclamo y sugerencias (OIRS) ki nan lopital la oubyen nan sèvis kliyantèl ki nan klinik la. Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan: https://ovochile.cl/

➤ Pou trafik moun: 4242 Denuncia Seguro o a la PDI al teléfono 56940729659


Fas ak vyolans sa yo, nou ka jwenn aksè oswa fè pati gwoup ak swen kominotè yo.

Gwoup kominotè yo se yon sistèm esansyèl ki bay sipò emosyonèl, asistans materyèl, sèvis epi enfòmasyon ak moun ki bezwen. Pou konekte ak gwoup sa yo, genyen kèk bagay ke w dwe konsidere:

1. Idantifye epi kontakte moun ou fè konfyans nan fanmi w, kominote w oswa nan travaya ou.
2. Chèche konnen kote gwoup sa yo ye nan kominote w la; yo ka òganizasyon ki nan zòn nan, òganizasyon fanm,oswa lidè kominotè.
3. Toujou patisipe nan aktivite ke gwoup sa yo ap fè.
4. Anrejistre kontak gwoup sipòtè sa yo, pou w itilize lè li nesesè. Swa pou ou oubyen pou w ede lòt moun ki bezwen.
5. Lè w ap fè fas ak difikilte oubyen pwoblèm yo, toujou chèche èd yon moun ou fè konfyans oubyen chèche èd nan men gwoup sipòtè yo.

Si w temwen vyolans oubyen ou konnen yon moun ki sibi vyolans, ou ka ofri èd lè w konsidere:

- Tande l ak anpil atansyon e ba l sipò emosyonèl nan yon espas ki an sekirite.
- Lè w pa fòse l di plis de sa ke li vle di.
- Ou pa kritike l oubyen meprize l
- Pa ekspozel devan lòt moun, pa rakonte lòt moun sa l di w la san otorizasyon l.
- Evite mete w anfas agresè a.
- Bay enfòmasyon sou kèk resous ke w konnen.
- Akonpanye l nan rechèch sipò enstitisyonèl yo.
- Si w temwen yon ka vyolans, kote lavi yon fi an danje , rele gwoup sipòtè yo touswit.



“Mari m nan konn pouse m lè nou nan diskisyon. Yon jou, li frape m nan yon mi, depi lè a mwen rann mwen kont ke pè, fè pati lavi m chak jou".

@COLECTIVOSINFRONTERAS

@COLECTIVO.SINFRONTERAS

CONTACTO@SINFRONTERASCHILE.CL

FONDO ALQUIMIA